

SS.7.C.3.14 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2: Elèv yo ap klasifye sèvis gouvènman yo selon nivo nan gouvènman an pou ka evalye wòl ke chak jwe nan lavi yo.

Chak nivo nan gouvènman an bay sèvis pou sitwayen yo. Anba a se yon revizyon nan sèvis sa yo ke chak nivo nan gouvènman bay.

Sèvis Gouvènman Lokal la	Sèvis Gouvènman Eta a	Sèvis Gouvènman Federal la
<p>Gouvènman lokal yo nan Florid gen obligasyon pou ofri sèvis bay rezidan li yo. Paske gouvènman lokal yo se gouvènman ki pi pre pèp la, yo founi plis sèvis dirèk bay pèp la pase gouvènman eta yo ak federal la.</p> <p>Egzanp sou sèvis lokal yo enkli:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Konstwi lekòl piblik yo 2. Kreye gwoup ki fè respekte Lalwa lokal tankou ofisyel Lapolis ak depite cherif distri a 3. Bay sèvis tretman dlo 4. Bay sèvis pou dlo sal ak fatra 5. Bay elektrisite 6. Pran swen pak lokal yo ak zòn rekreyasyon yo 7. Pran swen wout lokal ak distri yo 8. Bay kab, sèvis entènèt, ak telefòn lokal 9. Konstri lojman piblik 10. Pran swen épòt, pò, ak teren golf lokal yo 	<p>Gouvènman Florid la gen obligasyon pou ofri sèvis bay rezidan nan eta a. Sèvis sa yo konsantre sou sekirite piblik la, polis kap ranfòse Lalwa, sèvis sante, ak edikasyon.</p> <p>Egzanp sou sèvis eta yo enkli:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Fè Iwa pou rezidan Florid 2. Kreye yon depatman edikasyon kap sipèvize edikasyon piblik nan Florid 3. Kreye yon ajans ki fè respekte Iwa eta a tankou Depatman Florid pou Ranfòse Lalwa ak Chèf Eta Florid 4. Pran swen wout nan eta a 	<p>Gouvènman peyi Etazini gen obligasyon pou ofri sèvis bay sitwayen yo nan peyi a. Sèvis sa yo konsantre sou sekirite nasional, defans nasional, ak byennèt jeneral.</p> <p>Egzanp sou sèvis federal yo enkli:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Foumi yon militè 2. Ede pòv ak granmoun aje yo jwenn asirans maladi 3. Bay lojman pou pòv yo ak granmoun aje yo 4. Founi pou yon sèvis Lapòs nasional (Sèvis Lapòs peyi Etazini) 5. Pran swen otowout nasional yo 6. Bay sipò ekonomik ak asistans militè aprè dezas natirèl yo

gouvènman eta : Gouvènman nan chak eta

gouvènman federal – gouvènman nan nivo nasional la; gouvènman nan peyi Etazini

gouvènman lokal – gouvènman yon minisipalite (vil) oswa distri a